



## Deklarasyon Enpak Ekite

**Tit:** Dudley Street Neighborhood Charter School - Renouvèlman Otonomi    **Dat:** 30 Jwen 2021

Eske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) ?  Wi  Non

Èske te gen yon manb Divizyon ekite rasyal, Estrateji ak opòtinite feblès ki te revize deklarasyon sa a.  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Rasyonèl
1. <b>Pwozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezulta pwopozisyon/efò yo swete jwen, ansanm avèk eliminasyon disparite? ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, eske yo reflete idantite gwoup fanmi ak elèv BPS yo (gwoup prensipal yo gen ladan yo moun ki nwa, latino, azyatik, endijèn, imigran, moun ki pale plizyè lang ak moun ki gen eksperyans Edikasyon Espesyal)?</i>	Pwopozisyon sa a ap chèche apwobasyon renouvèlman aplikasyon Dudley Street Neighborhood Charter School (DSNCS) Se bòd administrasyon lekòl la ki vini avèk pwopozisyon sa a. Se Direktè Elijah Heckstall avèk bòd lekòl la ki te mennen pwoesisis la, ansanm avèk seyans komantè fanmi yo ak staf lekòl la. Direktè lekòl la se yon moun nwa. Prezidan bòd la se yon moun nwa. Aktyèlman bòd la genyen nèf manb; sèt ladan yo se Afriken-Ameriken/ Nwa oswa Latino.
2. <b>Sa ki alieny avèk Plan Estrateji a</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò yo òdone avèk plan estratejik distri a?</i>	Pwopozisyon an byen-òdone avèk pritorite sa yo ki nan plan estratejik distri a: <ul style="list-style-type: none"><li>● ELIMINE TWOU VID NAN REZILTA AK OKAZYON POU GEN TWOU VID: Ekitabilite ak Bonjan Rezilta pou Elèv yo</li><li>● AKSELERE APRANTISAJ: Lekòl de gran-kalite ak bonjan salklas nan tout distri a</li><li>● AKTIVE PATENARYA: Pwolonje aprantisaj la odela de salklas la epi konekte kominote a ak salklas la</li></ul>
3. <b>Analiz Done</b> <i>Ki done yo te analize? Eske li te gen dezegregasyon rasyal ak lòt gwoup enpòtan? Kisa yo te montre pa rapò ak disparate sa yo?</i>	Bòd la ak lidè lekòl yo egzamine ak analize done aprantisaj elèv yo ak byen-èt yo nan sipèvizon regilye lekòl la, ansanm ak nan reyinyon Bòd la ak nan preparasyon aplikasyon renouvèlman otonomi. Pou analiz sa yo, nou dekonpoze done yo pa ras, ansanm avèk etati elèv k ap aprann Anglè ak Edikasyon Espesyal. Konsa nou gen anpil travay pou nou fè pou kontinye bati lekòl ke elèv nou yo merite, kote ke chak elèv atenn wo nivo, done dezegregasyon yo montre ke elèv nou yo nan popilasyon sa a ap fè efò lè ou konpare yo avèk elèv nan distri a ak nan eta a. Nou mete konparezon sa yo nan dokiman prezantasyon ak aplikasyon renouvèlman otonomi nou an. Paske lekòl nou an genyen 95% Afriken-Ameriken oswa Latino, nou mete analiz ranje nòt mwayèn pou de gwoup sa yo konpare avèk elèv parèy yo nan tout distri a. Ranje nòt mwayèn pou Afriken-Ameriken nan ELA MCAS DSNCS nan ane 2018 te 491.6 pa rapò a 488.1 nan tout distri a; nan lane 2019 li te 491.6 pa rapò a 488.4 nan BPS. Ranje nòt mwayèn pou Latino nan ELA MCAS DSNCS nan ane 2018 te 491.7 pa rapò a 488.8 nan tout distri a; nan lane 2019 li te 491.1 pa rapò a 489.4 nan BPS. Ranje nòt mwayèn pou Afriken-Ameriken nan Matematik MCAS DSNCS nan lane 2018 te 486 pa rapò a 483.5 nan tout distri a; nan lane 2019 li te 490.8 pa rapò a 483.3 nan BPS. Ranje nòt mwayèn pou Latino nan ELA MCAS DSNCS nan ane 2018 te 488 pa rapò a 483.5 nan tout distri a; nan lane 2019 li te 486.5 pa rapò a 485.6 nan BPS.

<p><b>4. Angajman Moun ki gen enterè</b>  <i>Kilès ki te pran angajman (Kantite, goup enpòtan, ak fonksyon yo) e kòman, ak ki rezulta sa te bay? Kisa enpak pwopozisyon/efò sa a fè sou fanmi/elèv yo fè konnen?</i></p>	<p>Nou te angaje fanmi yo, patnè nan kominate a, ak staf la nan devlopman aplikasyon pandan sis dènye mwa ki pase yo. Kèk kòmantè nou te tande te:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Fanmi yo te satisfè avèk siksè akademik pwogram lekòl la, men yo bezwen plis kou ki gen rapò avèk STEAM ak/oswa pwogram apre-lekòl.</li> <li>● Fanmi yo rapòte ke timoun yo aprann e yo kontan pou yo vini lekòl.</li> <li>● Fanmi yo rapòte ke pwofesè yo vreman reponn ak apèl e enkyetid yo.</li> <li>● Fanmi yo te vreman satisfè avèk rapò granmoun/timoun; anpil ladan yo te di ke se youn nan rezon ki atire yo ki fè yo chwazi DSNCS.</li> <li>● Ane sa a, Staf la te fè vizit adomisil; fanmi yo te apresye devwa adomisil ke yo resevwa, founiti ak lòt resous ki soti nan lekòl la.</li> <li>● Fanmi yo te satisfè avèk komunikasyon lekòl/adomisil, ansanm avèk apèl pwofesè yo ak disponiblite yo pou yo ede avèk sipò teknoloji, ak mizajou regilye direktè a.</li> </ul>
<p><b>5. Estrateji Ekite Rasyal</b>  <i>Kijan pwopozisyon/efò sa aranje disparite ak ogmante ekite rasyal ak lòt ekite? Ki konsekans ke nou pa t antann ki te rive? Ki estrateji konplemantè ki ka avanse ekite yo pi lwen?</i></p>	<p>Premye pati nan misyon lekòl la se bay tout elèv yon edikasyon de gran-kalite. Kantite elèv ki nan lekòl aktyèlman se 59% Afriken-Ameriken, 35% Latino, 0.7% Azyatik, 0.3% Ameriken Nativ Natal, 2.7% Blan, 0.3 Hawaiian Nativ Natal, moun ki soti nan il pasifik ak 1.7% plizyè-Ras, non-ispanik.</p> <p>Renouvelé ottonomi nou pral fè pwomosyon pou yon edikation ektitab. An patikilye, pandan n ap prepare nou pou kòmanse Ane fiskal (SY) 2021-2022 a epi ap tann 3èm peryòd ottonomi nou an, nou pral: mete yon gwoup k ap bay bonjan kou patikilye, ajoute yon blòk entèvansyon pou tout elèv, ajoute opòtinite anrichisman ak opòtinite apre lekòl, epi anplwaye plis pèsonèl edikasyon espesyal ak pèsonèl ESL.</p>
<p><b>6. Bidjè e Egzekisyon</b>  <i>Ki enpak bidjè a? Kijan egzekisyon an pral asire tout objektif yo, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite, atenn. Ki idantite gwoup ekip egzekisyon an, èske yo genyen yon vizyon ekite?</i></p>	<p>Pa gen enplikasyon bidjè nan pwopozisyon sa a. Plan egzekisyon an vize siksè pou chak elèv. Direktè lekòl la se yon moun nwa. Prezidan bòd la se yon moun nwa. Aktyèlman bòd la genyen nèf manb; sèt ladan yo se Afriken-Ameriken/ Nwa oswa Latino.</p>
<p><b>7. Responsabilite e Kominikasyon</b>  <i>Kijan yo pral evalye enpak yo, dokimante yo e kominike yo bay moun ki bezwen yo? Ki moun k ap responsab?</i></p>	<p>DSNCS bay yon rapò anyèl, epi pwogramme yon reyinyon pou bòd la omwen uit fwa pa ane. Anplis de sa, Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè kontwole lekòl la de prè pou gade si yo akonpli objektif yo antanke lekòl otònòm.</p>